



BIWO AVOKA JENERAL COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

ONE ASHBURTON PLACE
BOSTON, MASSACHUSETTS 02108

ANDREA JOY CAMPBELL
ATTORNEY GENERAL

(617) 727-2200
www.mass.gov/ago

Oryantasyon Pwokirè Jeneral la:

Enfòmasyon Jeneral pou Founisè Sèvis Massachusetts yo Konsènan Mizanplas Lwa sou Imigrasyon yo

Tout manm kominote nou an ta dwe santi yo ankouraje pou chèche asistans ak rekonfò lè yo gen bezwen. Biwo nou an te tande preyokipasyon konsènan fason chanjman nan apwòch gouvènman federal la konsènan mizanplas lwa sou imigrasyon yo gendwa enpakte kominote imigran nou yo ak moun ki ba yo sèvis. Oryantasyon sa a se pou bay enfòmasyon bay founisè sèvis¹ (yo pral rele yo nan dokiman sa a “òganizasyon yo”) sou bay rezidan imigran sèvis, epi yon gran apèsi de etap òganizasyon sa yo kapab fè pou prepare pou rankont posib ak ofisyèl Mizanplas Lwa sou Imigrasyon ak Dwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) yo epi reponn kèk kesyon moun gendwa genyen konsènan posibilite pou imigran yo jwenn aksè nan èd finansyèl oswa lòt kalite èd leta bay poutèt stati imigrasyon yo.

Oryantasyon sa a se pa rekòmandasyon legal ni yon opinyon legal fòmèl Pwokirè Jeneral la. Yon òganizasyon ta dwe konsilte ak yon avoka konsènan kesyon ak preyokipasyon espesifik epi pou detèmine kijan konsiderasyon ke yo diskite anba a ap enpakte yon òganizasyon an patikilye.

KESYON AK REPONS YO

Èske yon òganizasyon kolekte enfòmasyon sou sityasyon imigrasyon?

Nan pifò ka yo, li pa nesesè pou kolekte enfòmasyon konsènan sityasyon imigrasyon yon moun pou bay sèvis. Si enfòmasyon pèsònèl pa nesesè, yo pa ta dwe kolekte li. Òganizasyon ki bay sèvis ki gen pou wè ak imigrasyon gendwa bezwen kolekte enfòmasyon konsènan sityasyon imigrasyon; òganizasyon sa yo kapab bese enkyetid moun lè yo esplike ki enfòmasyon yo pral kolekte, poukisa enfòmasyon yo nesesè ak kijan òganizasyon an limite aksè nan enfòmasyon yo.

Lè yon òganizasyon ap kolekte nenpòt enfòmasyon pèsònèl, ki gen ladann enfòmasyon konsènan sityasyon imigrasyon, òganizasyon an ta dwe asire li ke lòt moun pa ka wè dokiman pèsònèl ki gen enfòmasyon sansib epi ke moun pa ka tande fasilman konvèsasyon konsènan enfòmasyon sa yo.

¹ Nan kad oryantasyon sa a, founisè sèvis yo gen ladann, men se pa sa sèlman, enstitisyon charitab, òganizasyon sèvis ak òganizasyon ki pa pou fè pwofi, anjeneral.

Kikote ICE ap fè aktivite mizanplas lwa sou imigrasyon yo?

Anpil òganizasyon gen preyokipasyon konsènan posibilite pou ICE fè aktivite mizanplas lwa sou imigrasyon yo, espesyalman akòz eliminasyon tou dènyèman direktiv ICE yo ki te entèdi jeneralman pou ajan ICE yo fè aktivite mizanplas lwa sou imigrasyon nan oswa toupre zòn “sansib” oswa “pwoteje”² tankou lekòl, lye de kilt (legliz), etablisman sèvis sosyal ak etablisman swen sante yo. Langaj direktiv ki aktyalize a pa enkli règ ni pwosedi konkrè pou ajan ICE swiv, men li bay ajan yo enstriksyon pou itilize “bon sans” yo lè y ap deside kikote pou yo fè aktivite mizanplas lwa sou imigrasyon yo.

Ki etap yon òganizasyon kapab fè pou prepare l pou aktivite ICE yo?

Òganizasyon yo ta dwe konsidere pou adopte règleman ak pwosedi ki aplikab pou aktivite mizanplas lwa sou imigrasyon, ki gen ladann aktivite mizanplas lwa imigrasyon ICE yo. Règleman ki rekòmande yo gen ladann:

Fòmasyon ak Preparasyon: Òganizasyon yo kapab òganize sesyon fòmasyon “Konnen Dwa ou Genyen yo”; bay kat ki endike dwa yo genyen; epi konsilte lòt òganizasyon ak ajans leta pou resevwa rekòmandasyon, tankou Biwo pou Refijye ak Imigran (Office for Refugees and Immigrants), MIRA Coalition ak Sant Nasyonal sou Imigrasyon (National Immigration Law Center). Òganizasyon yo gendwa konsidere tou, lè sa aplikab, si pou yo ta fè planifikasyon pou ijans ak moun y ap bay sèvis yo pou prepare yo pou posibilite pou ICE ta arete oswa mete yo an detansyon. Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan planifikasyon pou ijans, tanpri al gade *Gid Planifikasyon pou Ijans pou Paran* ki gen Sitiyasyon Imigrasyon ki Pa Sèten ke Pwokirè Jeneral la mete a dispozisyon yo.

Deziyasyon Zòn Prive: Òganizasyon yo gendwa devlope règleman sou fason pou rezève zòn prive ki pa pase sib pou piblik la. Lè yo delimite zòn prive yo gras ak pano siy, kat aksè (*access card*) oswa kadna, sa ka ankouraje yon anviwònman ki san danje ki favorab pou mizyon òganizasyon an. Menmjan ak lòt ajans lapolis yo, ICE pa gen dwa pou antre nan zòn ki deziyen kòm zòn prive san konsantman òganizasyon an oswa san yon manda jidisyè oubyen òdonans yon tribinal.³

Òganizasyon yo ta dwe antrene tout manm estaf yo epi, si sa posib, deziyen yon manm nan estaf la sou fason pou kominike ak ICE oswa lòt ofisyèl lapolis yo.⁴ Repons yo bay yo gendwa enkli etap ki annapre yo:

² Al gade [Statement from a DHS Spokesperson on Directives Expanding Law Enforcement and Ending the Abuse of Humanitarian Parole](https://www.dhs.gov/news/2025/01/21/statement-dhs-spokesperson-directives-expanding-law-enforcement-and-ending-abuse) nan <https://www.dhs.gov/news/2025/01/21/statement-dhs-spokesperson-directives-expanding-law-enforcement-and-ending-abuse>.

³ Otorite ICE menmjan ak otorite lòt ajans lapolis yo dwe plwaye devan Katriyèm Amanman nan Konstitisyon Etazini a, ki pwoteje moun kont *fouy ak sezi ki pa rezonab*. Pou yon fouy otorizab nan nenpòt ki zòn, sa va depannde si yon moun ki atant rezonab pou yo respekte vi prive li nan kote ICE ap eseye antre a. Si moun sa a gen rezon pou li gen yon atant rezonab pou yo respekte vi prive li, Konstitisyon Etazini a entèdi aksè san konsantman, si pa gen manda jidisyè yon jij siyen oswa sèten sikonstans ijan ki jistifye manda a pa nesesè.

⁴ Si òganizasyon an travay ak lapolis minisipal, Eta a oswa kanpis la, ou ta dwe poze tèt ou kesyon si pratik yo konsistan ak *Lunn v. Commonwealth*, 477 Mass. 517 (2017). Nan ka sa a, Tribinal Siprèm Jidisyè Massachusetts te deside ke ofisye lapolis yo pa gen dwa kenbe yon moun “sèlman sou labaz yon ‘dokiman detansyon (*detainer*)’ imigrasyon sivil federal.”

- (1) Mande ofisye a pou non li, nimewo idantifikasyon li ak non ajans kote l ap travay la;
- (2) Mande ofisye a si li gen yon manda jidisyè oswa yon òdonans tribinal; epi si wi, mande yon kopi dokiman an;
- (3) Enfòm ofisye a ke ou p ap eseye anpeche li fè aktivite l yo, men ou pa otorize reponn demann lan epi ou bezwen kontakte moun ki apwopriye a anvan ou kapab bay aksè; epi
- (4) Mande ofisye a pou l tann deyò (oswa nan yon espas piblik) pandan w ap kontakte avoka òganizasyon w lan oswa lòt moun kontak ki apwopriye a.

Ki tip dokiman yon ofisye ICE gendwa prezante lè l ap fè aktivite mizanplas lwa sou imigrasyon yo epi ak kisa ou ta dwe atann ou?

Ofisyèl imigrasyon yo gendwa prezante divès dokiman, men se pa tout ki manda dapre yon sans konstitisyonèl. Òganizasyon yo pa oblije bay konsantman yo pou yon fouy nan yon zòn ki prive nan lokal yo, sof si yo prezante yo yon manda jidisyè, yon jij oswa yon majistra siyen, epi ki baze sou yon kòmansman de prèv (*probable cause*). Manda prezantasyon dokiman yo (*subpoenas*), kèlkeswa si yo administratif oswa jidisyè, se dokiman ki mande pou yo prezante dokiman oswa temwayaj. Anjeneral, yo pa egzije pou yo bay yon repons imedyatman epi yo kapab refize aksepte yo devan yon tribinal. Si sa fezab, yon manm estaf ki deziyen ta dwe revize avèk yon avoka tout dokiman ofisyèl imigrasyon yo prezante yo. Òganizasyon yo gendwa vle konseye estaf la pou li entèfere fizikman ak aksyon ofisyèl imigrasyon yo oswa ak aktivite ofisye mizanplas lwa sou imigrasyon yo.

Si ofisyèl imigrasyon yo oswa lòt tip ofisyèl lapolis prezante yon manda oswa yon lòt kalite dokiman tribinal, yon manmnan estaf ki deziyen yon nan yon òganizasyon ta dwe revize si dokiman an:

(1) se yon manda jidisyè ki valab; (2) si yon jij oswa yon jij majistra siyen li; (3) si li endike ki lokal yo pral fouye a; (4) si sa aplikab, si yo te bezwen pou egzekite li pandan peryòd tan ki endike sou manda a.

Manda Retrè Administratif ICE (Fòm I-200) oswa Manda Arestasyon (Fòm I-205) otorize ofisye ICE yo pou arete yon moun yo sispèk ki t ap vyole lwa sou imigrasyon yo. Sa yo se pa manda nan sans Katriyèm Amannman nan Konstitisyon Etazini a, se pa yon jij ni yon majistra jij ki siyen yo epi yo pa baze sou demonstrasyon kòmansman de prèv (*probable cause*) yon zak kriminèl. Manda sa yo pa oblije òganizasyon yo bay ofisye ICE yo aksè nan zòn ki pa piblik yo.

Manda Arestasyon Federal (Fòm AO 442) oswa Manda Fouy ak Sezi (Fòm AO 93) se yon jij tribinal federal oswa yon jij majistra ki bay yo, lè li rive nan konklizyon gen yon kòmansman de prèv (*probable cause*) epi li otorize pou yo fouye ak sezi byen nan yon lokal ki endike prezizeman oswa li otorize yo arete yon moun ki nonmen nan manda a, ikonpri nan zòn ki pa piblik yo. Anjeneral, li nesèsè pou egzekite manda sa yo rapidman. Si sa posib, yon òganizasyon ta dwe revize dokiman an epi konsilte yon avoka.

Kijan sèvis yon òganizasyon bay enpakte estati imigrasyon moun k ap resevwa sèvis yo?

Daprè politik federal aktyèl la⁵, lefèt pou yon moun resevwa avantaj ki pa lajan kach pa enpakte estati imigrasyon moun nan. Pami sèvis sa yo, ant pami lòt yo, gen SNAP (Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè), Head Start, Konpansasyon Travayè, Medicaid (MassHealth) (apa sa yo ki pou swen nan mezon retrèt), ak CHIP (Pwogram Asirans Sante pou Timoun). Èd ki soti nan òganizasyon prive **pa** konsidere yon avantaj piblik daprè règ chaj piblik la (*public charge rule*).

Yon konklizyon inadmisibilite akòz chaj piblik baze sou pwobabilite pou yon moun ki pa sitwayen ta vin prensipalman depandan sou leta pou l ka siviv epi ki konsantre sou lefètke li resevwa avantaj lajan kach leta bay oswa li bezwen enstitisyonalizasyon alontèm leta dwe peye pou li. Tès chaj piblik la **pa aplikab** pou renouvèlman grinnkad, pou moun k ap chèche jwenn pwoteksyon imigrasyon antanke refijye, moun k ap mande azil politik, Estati Pwoteje Tanporè (Temporary Protected Status, TPS), moun ki gen viza U ak T, Jenn Imigran Espesyal (Special Immigrant Juveniles) oswa moun k ap petisyone pou tè yo atravè Lwa Vyolans kont Fanm (Violence Against Women Act) la.

Ki resous yon òganizasyon kapab bay is yo mete yon moun an detansyon?

Sizoka otorite imigrasyon yo te plase yon moun an detansyon, òganizasyon ta dwe konsidere refere li oswa manm fanmi li nan resous ki annapre yo.

Lokalizatè Moun ICE Mete an Detansyon

Lokalizatè Moun ICE Mete an Detansyon (<https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>) kapab ede moun detèmine si manm fanmi yo te plase an detansyon epi kikote y ap kenbe manm fanmi a. Lè y ap sèvi ak lokalizatè moun ICE mete an detansyon an, li itil pou konnen dat nesans moun lan, peyi kote li soti ak nimewo A 'A-Number' (Nimewo Anrejistremant Etranje) li an, si gen youn. Tanpri sonje: Lokalizatè moun ICE plase an detansyon an se sèlman pou lokalize moun ki deja an detansyon. Si yon moun gen kesyon jeneral konsènan estati imigrasyon li, li ta dwe konsilte yon avoka.

⁵ Règ sa a te pwomilge an 2022. Chaj piblik pa pa ka chanje sou labaz yon Òdinans Egzekitif. Chanjman nan règ la egzije yon pwosesis federal pou etablisman règ ki pran plis tan.

Èd Jiridik

Avoka imigrasyon yo nan kabinè prive, reprezante ki otorize yo (ki travay pou Òganizasyon Ofisyèl epi ki ede imigran yo nan pwosedè imigrasyon yo), oswa òganizasyon èd jiridik yo gendwa bay èd jiridik pou libere yon moun ki plase an detansyon oswa ede òganize vizit pou moun nan fanmi li vin wè l. Resous ki annapre yo gendwa itil pou ede w jwenn yon moun pou reprezante w: [Detention & Deportation | Massachusetts Legal Help](https://www.mass.gov/info-details/finding-a-lawyer) ak <https://www.mass.gov/info-details/finding-a-lawyer>.

Enfòmasyon konsènan si yon avoka otorize egzèsè pwofesyon an epi si li gen bon repitasyon atravè Konsèy Siveyan Bawo (Board of Bar Overseers) a (<https://www.massbbo.org/s/>). OU kapap jwenn yon lis Òganizasyon Ofisyèl nan Massachusetts Konsèy Apèl Dosye Imigrasyon (Board of Immigration Appeals, BIA) otorize pou reprezante imigran yo devan Depatman Sekirite Teritwa a (Department of Homeland Security, DHS) ak devan Biwo Egzekitif pou Revizyon Dosye Imigrasyon (Executive Office Immigration Review, EOIR) isit la: <https://www.justice.gov/eoir/page/file/942306/dl#MASSACHUSETTS>.

Konsila oswa Anbasad

Konsila oswa anbasad peyi kote yon moun te soti a gendwa ofri plis enfòmasyon ak èd. Pou jwenn yon lis tout konsila yo nan Massachusetts, al gade nan mass.gov/consular-corps-in-massachusetts/locations?page=0.

Kimoun òganizasyon an kapab kontakte nan AGO a si li gen kesyon oswa pou rapòte yon ensidan?

Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen plis èd, ou gendwa kontakte Biwo Pwokirè Jeneral (Attorney General's Office) nan (617) 963-2917.

7 fevriye 2025